

Chapit 5. Prensip jeneral pou Elèv
Seksyon 5.80

Règleman 5.80 Règleman Disiplin Jeneral pou Zak Kriminèl

1. Kontwòl ak Jiridiksyon Elèv.—Chak elèv ki enskri nan Distri lekòl Rejyon Palm Beach ap soumèt anba règleman Komite Dirijan Lekòl la ak konsèy administratif direktè(tris) la, lòt manb ekip administratif oswa estaf anseyan an, oswa chofè otobis yo ki gen menm responsablite a. Distri lekòl la egzèse responsablite sa a:
 - a. Pandan lè elèv la nan wout pou ale ak sòti lekòl nan otobis lekòl la oswa nan lòt transpò lekòl bay;
 - b. Pandan lè elèv la lekòl;
 - c. Pandan lè elèv la prezan fizikman nan aktivite lekòl oswa sou pwopriyete lekòl la fizikman oswa nan yon lokal Komite dirijan lekòl la posede oswa ki opere anba jiridiksyon Komite dirijan lekòl la.
2. **Sipèvizyon Elèv.**—Elèv yo ap anba sipèvizyon tou tan. Men kòman responsablite pou sipèvizyon an ap asire:
 - a. Direktè(tris) la ap fè sèten ke tout elèv anba sipèvizyon pandan lekòl ak pandan yo nan aktivite lekòl la sipòte, ak l ap bay manb estaf anseyan an ak chofè otobis yo responsablite espesifik jan sa nesese pou kapab mentni lòd ak kontwòl.
 - b. Chofè otobis la ap genyen otorite ak responsablite jan règleman komite dirijan lekòl la endike l oswa jan direktè(tris) la endike l, pou mentni lòd ak kontwòl toutan pandan y ap bay elèv yo transpò pou ale ak sòti lekòl.
 - c. Chak manb estaf anseyan oswa administratif yo ap genyen menm otorite ak responsablite sa a jan komite dirijan lekòl la oswa direktè(tris) la te deziye l la, pou mentni lòd ak kontwòl nan salklas la ak lòt plas kote li gen responsablite pou elèv yo.

3. **Definisyon.**

- | | |
|--------------------|---|
| (a) Zamafe - | Nenpòt zam (enkli yon chajè revolvè [starter gun] oswa zamafe antik) ki deziyen pou, oswa ki kapab prè pou konvèti pou lanse yon pwojektil pa aksyon yon eksploziv; ankadremman oswa resepte nenpòt zam konsa; nenpòt aparèy destriktif, oswa nenpòt mitrayèt. |
| (b) Zam - | Nenpòt kouto, fopwen metalik, fistibal, baton fè, pistolè ak gaz lakrimojèn, aparèy zam chimik, epe, baton epe zam oswa aparèy elektrik, aparèy destriktif, yon lam razwa, kouto pou koupe bwat, oswa nenpòt objè (paegzanp, pistolè ak konpresyon, BB gun, fo revolvè, elatriye.) ki itilize pou menase oswa blese lòt moun. |
| (c) Bat moun - | Touche yon moun entansyonèlman kont volonte l. |
| (d) Atake - | Yon menas entansyonèl ak pawòl oswa aksyon pou komèt vyolans kont yon moun, ki asosye avèk yon abiltè aparant pou fè sa, ak fè kèk aksyon ki kreye yon lapèrèz ki byen fonde nan moun ki menase a, ki montre vyolans sa a reyèl. |
| (e) Ti diskisyon - | De (2) oswa plizyè moun k ap batay nan yon plas piblik. |

- (f) Vyole dwa Teritwa moun- Lè nenpòt elèv nan sispansyon oswa nan ekspilsyon antre nan lakou yon lekòl oswa lè yon elèv antre oswa rete nan yon lekòl san yon rezon lejitim.
- (g) Krim rayisman- Yon aksyon kriminèl oswa yon tantativ aksyon kriminèl yon moun oswa yon gwoup moun komèt kont yon moun oswa pwopriyete yon lòt moun oswa gwoup, ki sou tout fòm konstitiye yon ekspresyon rayisman vizavi viktim nan akòz karakteristik pèsonèl li. Karakteristik pèsonèl genyen ladan ras/koulè, relijyon, oswa orijin etnik/ancestral/nasyonal, oryantasyon seksyèl.
- (h) Mache dèyè moun pou suiv yo- Angaje nan yon modèl konduit ki fòme ak yon seri aksyon kalkile pou koze detrès emosyonèl ki sibstansyèl lakay yon elèv oswa yon manb estaf, ki pa genyen yon objektif lejitim ak lekòl, ak yon seri aksyon ki poze pandan yon peryòd tan.
- (i) Suiv moun ki danjere - Suiv yon elèv oswa yon manb estaf volontèman, malisyezman, nan yon fason repete, ak kreye yon menas kredib avèk entansyon pou mete nan moun sa a yon santiman lapèrèz pou lavi l oswa agrese l fizikman.
- (j) Rapò ak Gang - Aktivite kriminèl dapre Lwa Eta Florid, Seksyon 874.03, ki defini:
1. Gang kriminèl nan lari
 2. Manb gang kriminèl nan lari
 3. Modèl aktivite gang kriminèl nan lari.
- Lwa Eta Florid 1996.
- * (k) Sispansyon - Ki gen rapò ak mete deyò lekòl, vle di retire yon elèv tanporèman nan tout klas edikatif sou pwopriyete yon lekòl piblik ak tout lòt aktivite lekòl sipòte, eksepte jan direktè(tris) la oswa reprezantan l otorize l pou yon peryòd ki pa depase dis (10) jou lekòl.
- * (l) Ekspilsyon - Se revokasyon dwa ak obligasyon yon elèv pou l ale nan lekòl piblik dapre kondisyon komite dirijan distri lekòl la tabli, ak pou yon peryòd tan ki pa dwe depase rèsan tèm oswa ane eskolè a ak yon (1) ane adisyonèl.
- (m) Ka ekstrèm - Aksyon kriminèl ki genyen ladan, men ki pa limite ak, omisid, ansasinay, mete dife, vòl, atak fizik pou fè sèks, atake pou bat moun, tantativ kadejak, tantativ pou bat, vòl, elatriye.
- (n) Komite dirijan lekòl- Komite a fòme dapre pwovizyon Seksyon 4(b) Atik IX Konstitisyon Eta a. Komite dirijan lekòl la konpoze ak sèt manb eli epi k ap responsab pou fonksyonman, kontwòl ak sipèvizyon tout lekòl piblik lib nan distri a.
- (o) Distri lekòl - Yon distri kreye ak egziste dapre seksyon 4, Atik IX Konstitisyon Eta a epitou li fè pati sistèm edikasyon piblik eta

a ak l ap fòme ak tout lekòl yo, kou yo, ajans yo ak sèvis yo anba kontwòl "Komite dirijan lekòl la".

(p) Lwa Eta Florid 232.26(2)(a) ak (b) - "...Nenpòt elèv ki tonbe anba disiplin oswa ekspilsyon akòz posesyon ilegal oswa izaj nenpòt dwòg ki kontwole anba chapit 893 kapab kalifye pou yon ekskiz pou disiplin oswa ekspilsyon:

(1) Si li divilge enfòmasyon ki ede yo arete ak kondane moun ki ba li dwòg la, oswa si li deklare volontèman li gen posesyon ilegal dwòg sa a avan yo arete l. Nenpòt enfòmasyon divilge ki ede nan arestasyon ak kondanasyon sa a pa p admisib kòm evidans nan yon pwosè kriminèl ki fèt apre kont elèv la ki te divilge enfòmasyon an.

(2) Si elèv la angaje tèt li oswa olye li resevwa kondanasyon, tribinal refere l nan yon pwogram ki ede moun ki pran dwòg ke eta a otorize epi li konplete pwogram nan avèk siksè..."

4. **Aksyon kriminèl andedan jiridiksyon komite dirijan lekòl la.**—Komite dirijan distri lekòl rejyon Palm Beach la rekonèt sekirite se pi gwo enkyetid epi yon nesosite fondamantal pou ofri yon bon jan anviwònman aprantisaj. Jiridiksyon administrasyon lekòl la dwe yon azil kont tout aktivite tapajè ak ilegal. Kidonk, se entansyon komite dirijan lekòl rejyon an pou tabli yon seksyon nan lwa li sou disiplin pou deklare klèman yo pap tolere "aksyon kriminèl andedan jiridiksyon distri lekòl la". Y ap mennen envestigasyon kont tout aksyon ki gen konpòtman kriminèl avèk arestasyon lè sa nesèsè.

a. Chak direktè(tris) ap afiche yon siy nan yon lokal oswa lokal yo, andedan lekòl la k ap vizib pou tout elèv, k ap genyen tèks pi ba a:

Nenpòt moun ki komèt yon aksyon kriminèl andedan jiridiksyon distri lekòl la, ki gen ladan atak, bat, posesyon zamafe oswa zam, ap resevwa sispansyon epi komite dirijan lekòl la ap ede pou pèsekite koupab la vigourezman.

b. Y ap pran aksyon apre yo kont nenpòt elèv ki montre yon konpòtman kriminèl andedan jiridiksyon distri lekòl la:

1. Enfòme lapolis;
2. Envestigasyon;
3. Enfòme paran(yo) oswa responsab(yo);
4. Odyans avèk administratè yo ak pati konsène yo.

c. Yon elèv yo chaje ak yon krim kapab resevwa sispansyon imedyatman san nesosite pou konsidere avan mezi disiplinè altènatif. Sepandan, avan aksyon sispansyon an, y ap bay elèv la:

1. Avètisman oral oswa alekri sou chaj yo genyen kont li;
2. Yon eksplikasyon chaj yo, si l mande sa; ak
3. Yon opòtinite pou l prezante vèsyon pa l sou istwa a.

- d. Si, kòm yon rezilta pwosedi legal anwo a, yo jwenn yon elèv te komèt yon aksyon kriminel ki espesifye nan lwa sa a, kidonk lwa sa ap aplike,* epi rezilta apre yo ap rive:

Gwoup A

- **Posede, ekspoze oswa itilize nenpòt zamafe; oswa**

- **Posede avèk entansyon pou vann oswa distribye nenpòt dwòg oswa sibstans kontwole ki genyen ladan alkòl.**

1. Dis (10) jou sispansyon obligatwa;
2. Rekòmandasyon bay Sipèentandan lekòl yo pou yon sispansyon adisyonèl trant (30) jou;
3. Rekòmandasyon bay Sipèentandan lekòl yo pou prezantasyon devan komite dirijan lekòl la.

** Anyen nan lwa sa a pa estime pou afekte dwa pwoteje yon elèv ki nan pwogram Edikasyon espesyal pou Elèv (ESE) pou RESEVWA Edikasyon Piblik Apwopriye Gratis (ESE). Distri lekòl rejyon Palm Beach la rekonèt yon ekspilsyon oswa sispansyon nan lekòl ki depase dis (10) jou se yon "chanjman nan plasman" pou yon elèv andikape ki pa posib san yo pa suiv pwosedi Lwa Edikasyon pou Endividi ki Andikape (IDEA). Retire yon elèv andikape pou plis pase dis (10) jou konsekitif nan yon ane eskolè kapab konsidere kòm yon chanjman nan plasman.*

Sepandan, IDEA fè konnen ke, nan sikonstans ekstrèm, yon distri lekòl kapab ale nan tribinal pou jwenn entèdiksyon tanporè pou retire nan lekòl yon elèv danjere ak tapajè.

Gwoup B

- **Posede, ekspoze oswa itilize nenpòt zamafe; oswa**

- **Bat; oswa**

- **Entimide, menase pou itilize fòs fizik oswa itilize fòs pou anpeche lòt moun pa bay temwayaj li pou yon investigasyon ofisyèl oswa pwosedi ofisyèl.**

1. Dis (10) jou sispansyon obligatwa.
2. Nan ka ekstrèm:
 - a. Rekòmandasyon bay Sipèentandan lekòl yo pou yon trant (30) sispansyon adisyonèl;
 - b. Rekòmandasyon pou ekspilsyon pou Sipèentandan lekòl yo pou prezantasyon devan komite dirijan lekòl la.

Gwoup C

- **Posede oswa itilize nenpòt dwòg (yo pa adrese nan seksyon sa a izaj legal preskripsyon medikaman) oswa sibstans kontwole ki genyen ladan alkòl. [sijè ak Seksyon 232.26(2)(a) ak (b) - wè Seksyon 3. Definisyon (16)];** **oswa**

- **Depase limit andedan jiridiksyon komite dirijan distri lekòl la.**

1. Dis (10) jou sispansyon obligatwa.

Gwoup D - Atak; oswa

-Pouse pou oswa patisipe nan nenpòt aktivite ki twouble lapè jeneral ak byennèt yon lekòl, otobis, oswa yon aktivite lekòl sipòte.

1. Senk (5) jiska dis (10) jou sispansyon obligatwa.
2. Nan ka ekstrèm:
 - a. Dis (10) jou sispansyon;
 - b. Rekòmandasyon bay Sipèentandan lekòl yo pou trant (30) sispansyon adisyonèl.
 - c. Rekòmandasyon pou ekspilsyon bay Sipèentandan lekòl yo pou prezante bay komite dirijan lekòl la.

Gwoup E - Komèt yon kerèl oswa degrade, vole, oswa anpeche, yon anplwaye komite dirijan lekòl la, yon volontè, yon monitè siveyan, oswa komite dirijan lekòl la, itilize pwopriyete reyèl oswa pwopriyete pèsònèl li tanporèman oswa an pèmanans.

1. Youn (1) jiska senk (5) jou sispansyon minimòm obligatwa.

Gwoup F - Krim rayisman ap tabli fondasyon pou ogmante sanksyon disiplinè yo.

Gwoup G - Krim ki gen rapò ak gang ap tabli fondasyon pou ogmante sanksyon disiplinè.

5. Sispansyon pou krim grav (Aksyon kriminèl ki komèt andeyò pwopriyete lekòl)

- a. Yo kapab inisye pwosedi sispansyon kont nenpòt elèv enskri kòm yon elèv yo chaje fòmèlman pou yon krim grav, oswa ak yon aksyon delenkan ki ta kapab yon krim grav pou granmoun ta komèt. Se yon avoka minister piblik ki dwe pote plent kont chaj krim grav la kòm yon ensidan ki rive sou pwopriyete ki pa pwopriyete lekòl piblik, ki pwouve sa fè move enpak sou pwogram ansèyman an, disiplin, oswa byennèt lekòl la kote elèv la enskri. Yon desizyon sou sispansyon pou krim grav pa p afekte sèvis ansèyman yo dwe bay yon elèv, epi elèv la ap enskri imedyatman nan yon pwogram altènatif pandan lajounen, oswa yon pwogram altènatif leswa, kote li apwopriye. Si apre elèv la pa deklare delenkan oswa yo pa jwenn li koupab de krim grav yo te chaje l la, sispansyon an ap tèmine imedyatman. Si elèv la deklare koupab pou krim grav la, direktè(tris) la kapab rekòmande ekspilsyon.
- b. Direktè(tris) la ap bay yon odyans administratif nan objektif pou detèmine èske ou non yo dwe sispansyon elèv la pandan tribinal ap detèmine si elèv la koupab oswa inosan oswa si yon tribinal ki genyen jiridiksyon konpetan anile chaj la.
- c. Moman yo resevwa avètisman ke yo chaje elèv la fòmèlman pou yon krim grav, imedyatman, direktè(tris) la dwe enfòme paran oswa responsab elèv la alekri osijè chaj espesifik kont elèv la ak dwa pou mande yon odyans avan yo enstitiye aksyon disiplinè a.
- d. Avètisman konsa ap deklare dat pou odyans la ki pa p mwens pase de (2) jou lekòl, kòmanse apati dat ki sou lèt la, oswa apati dat lèt la delivre a, oswa avètisman an, ak l ap fè paran/responsab la konnen kondisyon pou jwenn yon eksepsyon pou sispansyon an.
- e. Direktè(tris) la/reprezantan li ap kondui odyans la, ak elèv la, paran/responsab li, reprezantan elèv la oswa avoka l, ak temwen elèv la oswa direktè(tris) la entèpele.

- f. Lè direktè(tris)/reprizantan l ap Mennen odyans la, li pa p limite anba règ oswa evidans oswa okenn lòt pwosedi tribinal, epi se pa egzijan pou genyen transkrip temwayaj.
- g. Apre odyans la, direktè(tris) la ap bay elèv la ak paran l yon desizyon alekri, pou fè konnen èske wi ou non ap genyen sispansyon. Lè direktè(tris) a rive nan desizyon sa a, l ap konsidere kondisyon kote eksepsyon pou yon sispansyon kapab aplike epi li kapab bay yon eksepsyon konsa lè li detèmine yon aksyon parèy nan mechè enterè lekòl la ak elèv la.
- h. Nenpòt elèv ki sijè pou resevwa sispansyon akòz rezilta yon posesyon oswa izaj nenpòt dwòg anba chapit 893 lwa Florid ap genyen dwa pou resevwa yon eksepsyon pou disiplin:
 1. Si elèv la deklare enfòmasyon ki ede yo arete ak kondane moun ki te distribye dwòg ba li a, oswa si elèv la deklare volontèman li genyen posesyon dwòg ilegal la avan yo arete l.
 2. Si elèv la dispoze l, oswa si tribinal la nan plas santans refere l bay yon pwogram pou moun ki abize ke eta a otorize epi konplete pwogram nan avèk siksè.
 - i. Direktè(tris) la ap genyen otorite pou modifye desizyon pou bay oswa rejte yon eksepsyon, nenpòt lè avan tribinal deklare elèv la koupab, depi y ap fè yon modifikasyon konsa ki kontrè pou elèv la apre yon lòt odyans te fèt dapre règleman sa a.

OTORITE LEGAL: 230.22(1)(2), 230.23(6)(c) and (d), (8), 232.26, 232.256 Florida Statutes

LWA ANVIGÈ: 71-826, Laws of Florida

DOSYE ISTORIK: 10/05/94; 21/5/97

Paj 5.27 - 5.33